Established 1915
BROWARD
County Public Schools



2026-2027
Vaksen Ekzijib pou Lekòl

Anvan yon elèv antre lekòl oswa ale lekòl an-pèsonn oswa patisipe nan sesyon vityèl, sou entènèt (klas kindègadenn rive douzyèm ane) chak timoun dwe soumèt sètifika vaksen, fòm DH 680 [*Florida Certification of Immunization* (DH 680 form)]*, ki dokimante elèv la pran vaksen sa yo:

Kindègadenn rive Douzyèm Ane:

- Kat oswa senk dòz vaksen difteri-tetanos-pertussis (DTaP) ±
- Twa dòz vaksen epatit B (Hep B)
- Kat oswa senk dòz vaksen polyo (IPV)**
- De dòz vaksen woujòl-oreyon-ribeyòl (MMR)
- De dòz vaksen varisèl†

Klas Setyèm Ane:

Anplis vaksen ki obligatwa pou kindègadenn rive douzyèm ane, elèv kap antre nan klas setyèm ane oswa elèv kap fè klas setyèm ane dwe konplete:

- Pran yon dòz vaksen tetanos-difteri-pertussis (Tdap) klas setyèm rive douzyèm ane
- Obteni mizajou fòm DH 680 avèk vaksen Tdap ke elèv la pran, epi soumèt fòm la nan lekòl la.

Ale nan klinik doktè ou oswa pedyat ou epi obteni fòm vaksen DH 680 Form*.
Pou enfòmasyon sou klinik kote elèv yo ka pran vaksen gratis, vizite sit browardschools.com/vaccinations

Elèv ki pa gen sètifika vaksen konplèt/*Certificate of Immunization, ki endike yo vaksine epi pran tout vaksen obligatwa selon aktyèl kalandriye vaksinasyon, <u>yo pap pèmèt elèv yo ale nan klas</u> jiskaske yo soumèt nan lekòl dokiman sa.**

Absans poutèt elèv pa respekte kondisyon pou vaksen obligatwa ap konsidere kòm absans <u>ki pa eskize</u>. (F.S. s. 1003.22(1)) (BCPS Policy 5.5-IV.C.2)

* *Elèv ka ale lekòl fòm DH 680 pa nesesè si yo gen egzansyon medikal (DH 680-Part B/C form) oswa egzansyon relijye (DH 681 form).*

± *Senkyèm dòz vaksen DTaP pa nesesè si elèv la te pran katriyèm dòz vaksen lè li te gen 4tran osw pigran.*

** *Si elèv la pran kat dòz vaksen oswa plis anvan li te gen 4tran, elèv la dwe pran yon dòz adisyonèl ant laj 4tran ak 6zan epi omwen nan lespas sis mwa apre dòz vaksen anvan. Yon katriyèm dòz vaksen pap nesesè si elèv la te pran twazyèm dòz vaksen lè li te gen 4tran oswa pigran epi omwen nan lespas sis mwa apre dòz vaksen anvan.*

† *Vaksen kont varisèl pa obligatwa si founisè swen sante/doktè ou te dokimante maladi varisèl la.*

School Board of Broward County, Florida, entèdi regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman, ka rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodònatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa voye yoni mel eeo@browardschools.com. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen adaptasyon ka rele Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa voye yoni mel, adrès elektwonik, eeo@browardschools.com